# आकाशवाणी, गोरखपुर

## <u>दिनांक–28 जनवरी 2026</u> <u>भोजपुरी समाचार</u>

संसद क बजट सत्र राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मु के दुन्नो सदन के संयुक्त बइठकी में अभिभासण के साथे आजु सुरू हो गइल। राष्ट्रपति कहलिनि कि ग्रामीण इलाकन में 'रोजिगार आ विकास बदे विकसित भारत जी–राम–जी कानून' लागू कइल गइल हौ। बजट सत्र के पहिला दिन्ने संसद के दुन्नो सदन के संयुक्त बइठकी के सम्बोधित करत राष्ट्रपति कहलिनि कि नया कानून में गांव में एक सौ पचीस दिन क रोजिगार क गारंटी सुनिस्चित कइल गइल बा। राष्ट्रपति मुर्मु सरकार के लगतारे कोसिसन से लोगिन ले पहुंचि रहल सामाजिक सुरक्षा योजनन के लाभो के बारे में जिकिरि कइलीं।

**'सबका साथ, सबका विकास' का विजन देश के हर नागरिक के जीवन में सकारात्मक प्रभाव ला रहा है। वर्ष 2014 की शुरूआत में सिर्फ 25 करोड़ नागरिकों तक ही सोशल सिक्योरिटी की योजनाएं पहुंच पाती थीं। सरकार के प्रयासों ने निरंतता की वजह से आज करीब 95 करोड़ भारतीयों को सोशल सिक्योरिटी का अवार्ड मिला है।**

राष्ट्रपति मुर्मु कहलिनि कि ऑपरेशन सिंदूर आतंकवाद के खिलाफ दुनिया में भारत के कड़ेर रूख पेस कइले हौ।

**ऑपरेशन सिन्दूर से विश्व में भारतीय सेना का शौर्य और पराक्रम देखा है। हमारे देश ने अपने संसाधनों के बल पर आंतकियों के अड्डे को ध्वस्त कर दिया है। सरकार ने कड़ा संदेश दिया है कि भारत किसी भी आंतकी हमले का जवाब दृढ़ और निर्णायक होगा।**

राष्ट्रपति कहलिनि कि दुइ हजार पचीस में भारत क रक्षा उत्पादन पनरह लाख करोड़ रूपिया से बेसी हो गइल। उहां के कहलीं कि पछिला एक बरिस में दुइ हजार माओवादी आत्मसमरपण कइले हवें। उहां के कहलीं कि गरीबन के बत्तीस लाख नया घर मिलल बा। राष्ट्रपति कहलिनि कि पछिला एक दसक में पचीस करोड़ लोगिन के गरीबी से बहरे निकारल गइल। उहां के कहलीं कि सरकार के मजबूत नीति आ पहल के नाते देस में कृषि उत्पादन में ढेरे बढ़ोत्तरी भइल बा।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु 'सिद्धार्थनगर महोत्सव– दुइ हजार छब्बीस' क सुभारम्भ कइलें। येह मौका पर उहां के करीब एक हजार बावन करोड़ लागति क दुइ सौ ओन्तीस विकास परियोजनन क लोकारपण आ सिलान्यास कइलीं। श्री योगी कहलें कि गरीब, महिला, नौजवान आ अन्नदाता लोगिन क उत्थाने प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी क पहिचान हौ।

**********

सरकार, नियामक बोझ कम कइले आ ब्योपार में सुगमता के बढ़ावा देवे बदे नया औषधि आ नैदानिक परीक्षण–एन.डी.सी.टी. नियम–दुइ हजार ओन्नइस में महत्वपूर्ण संसोधन अधिसूचित कइले हौ। स्वास्थ्य आ परिवार कल्याण मंत्रालय कहलस कि एकर उद्देस्य नियामक प्रक्रिया के सरल बनावल, अनुमोदन क समय–सीमा के कम कइल आ देस में नैदानिक अनुसंधान अउर औषधि विकास के गति दीहल हवे।

**********

प्रधानमंत्री क सक्रिय सासन आ समयबद्ध कार्यान्वयन क प्रमुख मंच–प्रगति अपने पचासवां सफल बइठकी के साथे एगो खास उपलब्धि हासिल कइले हौ। प्रदेस में राष्ट्रीय राजमार्ग संख्या–2 के चकेरी से प्रयागराज खंड कै 6–लेन सड़कि बनवले के ले के प्रस्तुत बा एगो रिपोर्ट–

**पुराने राष्ट्रीय राजमार्ग संख्या–2 और अब राजमार्ग–19 के चकेली इलाहाबाद खंड को छह लेन का बनाना भारत के सबसे महत्वपूर्ण परिवहन मार्गों से एक दिल्ली–कोलकाता स्वर्णिम चर्तुभुज को उन्नत करने की दिशा में एक महत्वपूर्ण कदम है। लगभग एक सौ 45 किलोमीटर का यह राजमार्ग उत्तर प्रदेश के कानपुर नगर, फतेहपुर और कोशांबी जिलों से होकर गुजरती है और कानपुर और प्रयागराज जैसे प्रमुख औद्योगिक, व्यापारिक और तीर्थ स्थलों को जोड़ती है। इस परियोजना को सड़क परिवहन और राजमार्ग मंत्रालय ने प्रायोजित किया था और इसे मार्च 2017 में मंजुरी मिली। जुलाई 2019 में प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी की अध्यक्षता में प्रगति मंच के तहत इसकी समीक्षा की गई। इस बैठक में समस्याओं और समाधान के लिए स्पष्ट और समयबद्ध तरीके से निर्देश दिए गए। बाधाओं के दूर होने के बाद निर्माण कार्य पूरे मार्ग पर तेजी से आगे बढ़ा और अंततरू यह परियोजना अगस्त 2024 में सफलता पूर्वक पूरी कर ली गई । अमन यादव, आकाशवाणी समाचार, दिल्ली।**

**********

महाराष्ट्र के बारामती में आजु एगो विमान दुरघटना में ओइजा क उप मुख्यमंत्री अजित पवार के सथहीं पांच जने क सरगबास हो गइल। मृतकन में जौनपुर क रहवइया फ्लाइट अटेन्डेंट पिंकी मालियो सामिल हइनि। विमान दुरघटना क जांचि विमान दुर्घटना जांच ब्यूरो करी।

राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मु, उपराष्ट्रपति सी पी राधाकृष्णन, प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी, लोकसभा अध्यक्ष ओम बिड़ला, गृह मंत्री अमित शाह, रक्षा मंत्री राजनाथ सिंह, सूचना आ प्रसारण मंत्री अश्विनी वैष्णव, महाराष्ट्र क मुख्यमंत्री देवेन्द्र फणनवीस अउर प्रदेस क मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ, अजित पवार के असामयिक सरगबास पर गहरा सोक जतवले हवें।

श्री योगी एगो सोसल मीडिया पोस्ट में कहलें कि दुर्भाग्यबस विमान दुरघटना में महाराष्ट्र क उप मुख्यमंत्री अजित पवार आ अउरियो सदस्यन क सरगबास ढेरे दुखद आ हृदय विदारक हवे।

**********